



## **MDHHS ap anonse novo pwogram apati 1 mas pou ede amelyore estrateji ekite vaksen an nan eta a; Sant sante yo ap resevwa vaksen COVID-19 ki san danje epi efikas semèn sa a**

POU PUBLIKASYON IMEDYA: 15 Fev. 2021

KONTAK: Lynn Sutfin, 517-241-2112

LANSING, Mich. –Depatman Sèvizimèn ak Sèvis Sante Michigan nan (Michigan Department of Health of Human Services, MDHHS) te anonse jodi a yon novo pwogram pou amelyore estrateji ekite eta a pou rive jwenn plis moun Michigan ak vaksen COVID-19 la ki san danje epi efikas.

"Mwen kontan anonse inisyativ ki pral ede amelyore estrateji ekite nan eta a epi pèmèt nou bay plis moun Michigan ki vilnerab vaksen an," selon pawòl Doktè Joneigh Khaldun, chèf egzekitif medikal ak chèf adjwen pou sante. "Travayè nan anviwònman agrikòl ki gen pi gwo ris te afekte negativman pa pandemi sa a. Nou konnen tou ke nou dwe eliminate obstak pou moun nou yo ki pi vilnerab nan Michigan jwenn aksè pou vaksinen, epi menm moun ki andikape, ki gen revni ki pi ba epi minorite rasyal ak etnik yo. Etap sa yo pral pèmèt sant sante ki kalifye nou yo nan nivo federal la toupatou nan eta a kòmanse pran vaksen epi yo pral bay prioyize distribisyon vaksen an bay patenarya ak founisè k ap eliminate obstak pou jwenn aksè. Estrateji sa a enpòtan ofiramezi n ap vanse pou pi devan ak objektif nou genyen pou vaksinen yon fason ekitab 70% nan moun Michigan ki gen plis pase 16 lane ak plis, pi rapid posib."

Depi kounyeya, travayè sèvis finèrè, ki travay regilyèman ak materyèl kontajye yo, pral kapab pran vaksen an antanke manm nan gwoup 1A selon CDC ak Komite Konsilitatif sou Pratik Iminizasyon yo. Anplis de sa, [41 sant sante ki kalifye nan nivo federal](#) atravè eta a ap kòmanse resevwa dòz vaksen pou ede vaksen moun ki genyen 65 lane oswa plis. Sant sante kominotè sa yo lokalize nan zòn ki pa genyen ase swen medikal pou bay tout moun bon kalite sèvis, abòdab, epi ki konplè - kèlkeswa moun yo ye, kote yo soti oswa kapasite yo pou yo peye.

Aktyèlman, moun ki genyen 65 lane oswa plis, elijib pou pran vaksen nan tout eta a. Founisè ki gen plan espesifik pou eliminate obstak pou bay aksè nan tout eta a ap gen otorizasyon tou pou yo mande vaksen pou moun ki gen 60 lane ak plis.

Anplis de sa, travayè nan sektè transfòmasyon manje ak anviwònman agrikòl, anviwon 79,000 moun Michigan, pral kapab pran vaksen an apati 1 mas. Sa ap pèmèt garanti sante ak sekirite travayè esansyèl nan endistri alimantè ak agrikòl Michigan epi kenbe chenn pwodiksyon alimantè eta a an mouvman.

MDHHS te anonse dènyèman, **estrateji eta a pou vaksinen 70% nan moun Michigan** ki genyen 16 lane ak plis, pi vit posib. Estrateji a ap gide pa prensip sa yo:

- Tout moun Michigan genyen aksè ekitab nan vaksen yo.
- Planifikasyon ak distribisyon vaksen an jeneral epi aktivman angaje gouvènman lokal ak eta a, patnè publik ak prive; epi fè apèl ak eksperyans epi espètiz lidè nan popilasyon ki istorikman majinalize.
- Kominikasyon yo transparan, egzat, epi se kominikasyon publik ki regilye pou ranfòse konfyans publik la.
- Yo itilize done yo pou ankouraje ekite, swiv pwogrè epi oryante nan priz desizyon.
- Jesyon resous, efikasite, ak amelyorasyon kontinyèl kalite a se motè pou reyalizasyon estrateji a.

**Mizajou konsèy sou priyorite vaksen an** disponib sou paj entènèt Covid-19 Michigan nan.

Enfòmasyon ki konsène epidemi sa a ap chanje rapidman. Dènye enfòmasyon yo disponib sou **Michigan.gov/Coronavirus** ak **CDC.gov/Coronavirus**. Pou aprann plis sou vaksen pou COVID-19 la, vizite **Michigan.gov/COVIDVaccine**.

# # #